

République du Sénégal



Ministère de l'Éducation nationale

Wolof

Tànk-ndànk

Jéego ⑥ Téere ①

Édition 2019
Réimpression 2020



Avis de droit d'auteur : ©2016-2021 projet Sénégal Lecture Pour Tous pour l'Agence des États-Unis pour le développement international (USAID), contrat USAID n° AID-OAA-I-14-00055/AID-685-TO-16-00003, géré par Chemonics International. Tous droits réservés. Cette aide provient du peuple américain et est financée conjointement par l'USAID et le gouvernement du Sénégal.

Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 4.0 IGO licence (CC BY 4.0 IGO) <http://creativecommons.org/licenses/by/4.0/igo>. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce travail y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées de la licence CC BY.

Li téere bi ëmb

Tukkib Bëgguma 4

Mberi cuuj bi 15

Siñeel ak Lëg 27

Kumba-amul-ndey 39

Tukkib Bëgguma



Amoon na fi benn janq bu tuddoon Bëgguma. Moom rekk la buur bi amoon ci doom juy dund. Ba mu juddoo ba am juroom-ñaari fan lañu ko tudde Bëgguma. Li ko waral mooy doom ju buur mas a am, dafay loru laata ñu koy ngénte.

Jabaru buur dafa tàmmoon di ko tëral ca kerug guy **péey** ga. Garab gu rëy gu **ràññeeke** la. Fa lañuy jële dogal yépp. Foofa la askan wi di faral di daje. Bëgguma juddu na ba am ay at, mënul a dox. Buur bëgg koo wutal jëkkër, waaye gisul kenn.



Bëgguma tollu na ci sëy te amul jëkkër. Li gën a yéeme : saa su xew amee ci dëkk bi, dafay yendoo jooy rekk. Waa dëkk bi jàpp ni li mu amul jëkkër a tax.

Benn bés, Bëgguma raam ba ca suufu guy ga, wéeru ca **dàtt** ba. Ca la aw wuy **wadd**, Bëgguma for ko, boole ko ak ay jooy. Ci la ko garab ga nee : « Sama doom looy jooy ? » Mu ne ko : « Li ma metti mooy, Guy dangaa ñàkk sa benn doom. »

Tontu la **lënt** na Guy, moom mi jàppoon ni li ko nit ñi beddee tax. Bëgguma ni ko : « Saa su nit ñi dajee ci ker gi, dañuy faral di witt sa xob yi. »



Ngir teggi nattu bi dal Bëgguma, Guy digal na ko mu **gàddaay**. Noonu mu ne ko : « Fa nga jëm, dinga fa fekk sama seex Wëtteen. »

Bëgguma boole am yaakaar ak **njàqare**. Guy dalal xelam ne ko dina ko dimbali. Li mu ko wax mooy : « Wuy wi nga for, boo ko tojee, dinga fa fekk ay doom. Doom bu ci nekk, loo ci ñaan mu am. Jël ci benn. Soo ci ñaanee, daldi dox. »


Ci yaruteem, Bëgguma daldi jël benn doom, ñaan ci mën a dox. Ca la jafandu ca garab ga ngir jéem a jóg. Mu jóg taxaw, teg tànk, tegaat beneen, far dox.




Bëgguma am mbégte, sant Guy bu baax, daldi gàddaay. Fàttewul boqaale wuy wa. Ba muy dem, xob yaa ngay yëngu mel ni ñu koy ñaanal. Ba mu doxee ba ca digg àll ba, mu daje ak Sàmba muy wër fu juram lekke. **Bekkoor** ba tax na ndox ma ñàkk, gancax ga néew. Jamono jooju, ñu ngi tollu ci **ruuj** ngir waajal nawet bi. Ca la benn beykat doon lakk toolam faf taalaale àll ba.

Bëgguma jël benn doom ca wuy wa, ñaan ca, daay ga fay. Ca la Bëgguma waxtaane ak beykat ba ak Sàmba ci nu ñuy aare àll bi.

Bëgguma digal leen ñu jëmbat ay garab su tawee.



Ca la Bëgguma jëlaate yoonam di dem. Dox na lu yàgg ba yegg ci benn selebe-yoon. Mu jaaxle ndax xamul wan yoon a koy yóbbu ca dëkku garabu wëtteen ga. Ca la ko Siddeem wooloo ni ko : « Waaw sama doom foo jëm ? » Bëgguma ni ko, damay wër dëkku garabu wëtteen. Dox naa ba sonn. Siddeem ni ko : Foral ci sama doom yu ñor yii ndax war ngaa xiif. » Ba mu ca lekkee tuuti la far nelaw. Ca biir nelaw yooya, mu gént gis jigeen ju màggat mel ni ku ko doon wër. Ci biir gént gi, soxna si jox ko **koog** su def ay doomi garab.



Ci gént gi, soxna si xamal na Bëgguma ni dafa war a ji doom yooyu su bët **séabee**. Su ko defee, dina moom lépp lu am ci àll bi.

Ba ko soxna sa tàllalee koog sa, ca la yeewu. Bëgguma **xippi**, gis am picc mu rafet tiim ko di naaw. Mu jékki-jékki taxaw, séen picc may dem mu topp ko. Ca yoon wa, taw bu bari dab ko.

Mu dem seelu ci genn taatu garab, xaar ba mu **séwet**. Ca la jóge jëlaat yoonam ba yegg ci dex gu dagg yoon wi. Mu génne ab doom ca wuy wa, ñaan ca ndax mu mën a jéggi dex gi. Mu jékki-jékki gis ab **looco** buy jéggil ay jigeen, ñu yobbaale ko.



Ba ñu dawee tuuti ca ndox ma, looco ba tàmbalee jël ndox. Ñu laaj ko turam, mu ni leen Bëgguma laa tudd. Ca la jaaxle feeñ, ku nekk di yuuxu ndax tiit. Ci lañu ko daldi bëgg a sànni ci ndox mi. Kenn ci ñoom digal jowkat bi mu sës ci tefes gi ngir wàcce ko fa.

Bëgguma jëlaat ab doom ci wuy wi, ñaan ci ndax mu mën a jéggi dex gi. Mu sànni doom ba ca ndox ma, mu daldi soppaliku am yeew mu ko jéggil. Ci yoon wi, yeew mi laaj ko fu mu jëm.

Mu ni ko, dëkku Wëtteen laa jëm te maa ngi bëgg a sonn. Yeew mi ni ko, su timis jotee, dinga daje ak fas wu la yóbbu ca dëkkub Wëtteen.



Ba Bëgguma jéggee dex ga la timis jot. Mu jël aw **ñall** wu dëng, boole ko ak xiif, mar ak sonn.

Mu séen aw fas wu weex wu tëdd ci digg yoon wi. Ba mu ko jubee, fas wa ni **bëret** taxaw. Mu jaaxle, fas wi ni ko : « Yaw janq bi foo jëm ci waxtu wii ? Fii, ku fi mas a jaar rekk, am ay jafe-jafe. » Bëgguma ni ko : « Ca dëkk ba laa jëm ndax damaa war a daje ak Wëtteen. » Fas wa ni ko : « Ku la fa **yebal** ? » Bëgguma nettali ko ay jaar-jaaram. Fas wa yaramam daw, mu daldi ko jël yóbbu ko ca dëkk ba.



Fas wa wàcc ba tollu ak moom, ni ko mu yéeg. Ñuy dox guddi gi yépp. Lu ñu dajeel ci yoon wa, fas wa xamal ko njariñ la mu ëmb. Ba fajar jotee, ñu àgg ci dëkk bu nekk ci aw xur. Dëkk bi yépp, àll bu lëndëm a ko wër. Laata ñuy yegg ca kër Wëtteen, dëkk ba yépp yëg nañu ko. Waa dëkk ba teeru leen, teeru bu rëy bu ànd ak ay woy ak am pecc. Wëtteen, boroom dëkk ba santaane ñu berndeel leen. Wëtteen xamal leen ni gan gii, doomu buur la. War nañu ko jox cër bi mu **yelloo**, solal ko ni **gelowaar**.



Ca la waa dëkk ba daldi **sóobu** ca nganale ga.

Ñu wut ay nag yu bari, ay xar ak yeneen xeeti gàtt. Ku ci nekk sol nga sa yéere yi gën a rafet. Waaye, colug Bëgguma moo ca gën a ràññee ku.

Am na ay caqu **peme**, wurus, ay lam, dàlli maraakiis, yére yu ñu ràbb.

Ca lañu ko teg ca **gàngunaay** ga ci teewaayu xeeti rab yépp.

La tax ñu màggal ko, mooy nekk buur kenn waru koo fowe. Képp ku koy fowe, mu ngi mel ni kuy tilimal moomeelu sunu Boroom.

Ba nganale ga jeexee, Bëgguma santaane ñu ji la des ca doomi wuy wa, ndax dëkk bi naat.


Laaj yi

- 1 Lu tax Bëgguma di faral di jooy ?
- 2 Kan moo ko tegtal mu tukki ?
- 3 Yan pexe la jël ba génn ci jafe-jafe ya mu doon jàankoonteel ?
- 4 Lan nga xalaat ci tukkib Bëgguma bi ?


Mberi, cuuj bi




Mberi, cuuj bi



Mberi as cuuj la woon, wànte kenn masul gis ku ko gën a muus. Ndeysaan, bi mu amee juroom-ñetti bés rekk la nekk jirim, ay waajuram dañoo génn àddina ndax xiif. Buur feyu leen woon saaku mboq ba mu leen leboon, moo tax mu dem feyeekuji ko. Cuuj àjji mbuusam, gàddu ko. Ci yoon wi, mu fakkastalu ci ag ëkk ba sax **tërëf**. Mu jóg, wax ci yar ak teggin ngir mu baal ko. Ëkk baal ko ci xol bu sedd ndax da koy niru cuuj bu am jom. Laaj na ko itam fan la jëm ak tuutiwaayam. Mu tontu ko ne dafay dem ca Buur mu fey ko li mu ko ameel. Ëkk gi nangu ànd ak moom wànte soppaliku na ba toll ni bantu almet. Ci la ko fob dugal ko ci mbusam.



Mberi jëlaat yoon wa, daje ak am muus. Muus mi foog ni am na yàpp wu nooy te bees. Cuuj wax ko ne du lekkam ndax duuful te itam nooyul. Muus mi nangu ko, wànte laaj na ko ndax mën naa xam lu muy dox suba teel gii. Mberi ne ko dafay dem ca Buur jëli li mu ko ameel. Muus mi ànd ca ndax yaakaar na am fa lu baax ci moom. Mu soppeeku ba mel ni peppu dugub, mu fob ko, dugal ca mbuusam. Ci la Bukki fëlle, laaj Cuuj fu mu jëm ak waaxoom. Mu tontu ko la mu waxoon Muus. Bukki nangu moom itam ànd ak Cuuj, daldi soppeeku ba mel ni peppu ceeb. Mberi for ko, dugal ko ci mbuusam, waaxu di wéy.



Mberi daje ak Gaynde mu laaj ko : « Fan nga jëm ci xàll wu yaatu wii? » Mberi ni ko : « Maa ngi jëm ca Buur ba ngir mu fey ma li mu ma ameel. » Gaynde soppeeku ba tollu ni doomu poobar, Mberi jël ko dugal ci mbuusam.

Bi mu doxee ba sori, mu daje ak Ñey muy daagu, mu laaj ko ndax fa mu jëm sori na. Cuuj ni ko : « Déedeet, ca Buur laay dem ngir mu jox ma li mu ma ameel. » Ñey nangu ànd ak moom, ñu dem. Cuuj tegu-waat ca yoon wa, tase ak jenn jàmbaar, mu laaj ko fu mu jëm ak mbuusam mu rëy. Cuuj ne ko damay dem ci Buur jëli li mu ma ameel. Jàmbaar ja ànd ak moom, soppaliku ba tolloo ak guddaayu ñebbe. Mberi fob ko dugal ci mbuusam.



Cuuj ak ña mu àndal soog a àgg ca dëkku Buur ba. Ba ko waa dëkk ba séenee muy ñëw, ñu fëx wuti Buur ngir yëgal ko ko. Ñu yegg ca Buur ne ko : «Cuuj dafa ñëw feyeekusi saaku mboq bi ko Buur ameel.» Buur ca coxor ga, ni leen, ñu baxal ndox, su tàngee jérr, ñu soode cuuj bi. Su deewee, dëkk bi du ko feyati. Ba ko doomu Buur bu jigeen bu soxor ba déggee, mu tàccu, boole ko ak di **cëpp-cëppi**. Mu ni leen : «Man mii, maay xëpp ndox mi cuuj bi, baxalleen ndox mi.» Ba ñu noppee, doomu Buur jóg yenu ndab lu fees ak ndox mu tàng jérr wu-tali Cuuj.



Ba Cuuj gisee doomu Buur muy ñëw, daa tiit bay lox. Ca dalam ak xelam, mu yuuxu, woo Ëkk ngir mu ñëw dimbali ko. Ëkk daldi fëlle ca mbuus ma, soppeekuwaat ba na mu tollu woon. Mu xët doomu Buur ba mu daanu. Ndox mu tàng ma mu yenu lakk ko. Waa dëkk bi jaaxle lool. Ci la kenn ci ñoom ni : «Nanu tēj cuuj bu soxor bii ci ngunul ginaar yu mag yi. Dinañu ko cof ba mu dee.»

Mberi daldi gaaw yuuxu, woote turu Muus ngir mu wallusi ko.


Muus génn ca mbuus ma, tolluwaat na mu tollu woon. Ci la Muus tiital ginaar yi ba ñu daw.



Jenn jigeen ne : « Nañu tëj Cuuj ci biir mbaaru béy yi, dinañu ko joggi ba mu lott. » Ci la Mberi gaawtu, woo Bukki mu ñëw dimbali ko. Bukki fëlle ca mbuus ma, soppalikuwaat na mu tollu woon, Ba ko béy ya gisee dañu ne fes, gaaw ne melax. Benn sàmm tëb ni leen ñu tëj Cuuj ci géttu nag yi, ñu joggi ko mu dee. Mberi gaawtu woo Gaynde mu wallu ko. Gaynde génn ca mbuus ma, delluwaat na mu tollu woon, lor nag yépp, lekk ba ca gën a duuf.



Waa dëkk ba mer bay futt. Li leen jaaxal mooy nan lañuy def ba tàggoo ak jinney Cuuj. Ka jiite sàmmkat ya ni leen : «Tëjleen ko ak gileem yi. Dinañu ko màtt, dëggate ko ba noppi xoj ko mu yem fa.» Mberi sàkku ñu wool ko Ñey ngir mu dimbali ko. Ca la Ñey wi bëtte mbuus ma ngir dimbali Cuuj. Dafa daldi soppalikuwaat ba tollu na mu tollu woon. Ñey jëkk a xool gileem ya. Ba mu ca noppee, mu fëgg leen **ñoxam** bu gudd ba, moxoñe leen benn benn.



Waa dëkk ba jaaxle ba xamatuñu lu ñuy def. Ñu dem ca Buur nettali ko li xew. Buur bi ne leen : « Cuuj bu amee nii pexe, bu nu ci jógul, am gâce. Nanu ko jox saaku mboqam te mu dem yoonam. Bu demee ba wéet ca àll ba, nu dab ko. » Mu dolli ca ne : « Su nu ko dabee, nanu ko fitnaal ba noppi jëlaat saaku mboqam bi. » Ca noona, Buur ubbilu fa ñu denc alal ja. Ñu jox Mberi saaku mboq ba ñu ko ameel. Ci la Cuuj génne dëkk ba.



Ba ñu ca tegee ab diir, Buur dajale mbooloo ma. Mu ne leen : « Jëlileen fas yi nu toppi Cuuj. » Ca lañu takk fas ya ngir toppi Cuuj. **Gawar** gu nekk tàmbali di kañu defe ne **mooy** waa ja.

Kenn ni : « Su ma ko jàppee, dama koy woyloo. »

Keneen dolli ca ni : « Man, dama koy wëndeel ba mu miir. »

Ñetteelu gawar ga naan : « Dama koy boole ak Siiru. »

Keneen ni : « Yeen mënuleen, dama koy teg yen bu diis, ba mu xam li nu daj ci coono. »

Genn gawar ni leen ; « Defleen ndànk, te bañ a fàtte li Cuuj jot a def. Cuuj bii du cuuju neen, ndax moo tax ba jigeeni dëkk bi yépp di **ténj**. »



Ba Mberi séenée pëndu gawar yu takku ya ñuy ñëw, mu yuuxu, woo jàmbaar ja ngir mu wallu ko. Jàmbaar ja daldi fëlle ca mbuus ma, soppeekuwaat na mu tollu woon. Ci la leen songe, am ñu daw, ña ca des mu daan leen ñoom ñépp. Mberi jëlaat mbuusam tegu ci yoonu dëkkam.

Ci la ko jàmbaar ja yenul saaku mboqam ba. Ñu ànd di dox ba yegg ca dëkk ba. Ba ñu yeggee, mbokk yépp ñëw sargal ko. Mberi nettali leen jaar-jaaram yépp. Ci la séddalee mboq ma ay mbokkam ak xaritam ya.

Laaj yi

- 1 Lu tax Mberi di dem kër Buur ?
- 2 Joxeel ñaari melokaani Mberi ?
- 3 Nan la Mberi def ba ànd ak rabi àll yu bari ?
- 4 Joxeel sa xalaat ci li Buur def ?

Siñeel ak Lëg



Siñeel ak Lëg



Benn bés, Siñeel ak Lëg dañu àndoon tukki. Ca yoon wa, Lëg ni àndandoom ba : « Sama waay, doon naa kontaan su ma xamoon ni nga tudd. »

Siñeel ni ko : « Looy doye sama tur ? »

Lëg ni ko : « Wax ma ko rekk.

- Man ? Maa ngi tudd Siñeel. Yow nag ?

- Man ? Maa ngi tudd Gan.

Ñu ngi topp seen yoon di wéy. »


Siñeel ak Lëg sonn lool ndax yoon wu gudd wa.



Coono ba tax, bi ñu egsee ca dëkk ba, ñu ñaan ñu may leen fu ñu dal-
loo ak lu ñu lekk. Ñu dalal leen ci benn néegu ñax. Ca ngoon ga,
benn aji-defal-Yàlla indil leen leget gu fees dell ak ceeb bu ñor xomm.
Aji-defal-Yàlla ji teg leget gi ci suuf, ni leen : « Boroom dëkk bi moo
yónnee gan ñi ceeb bii. »

Siñeel ba bëgg ko jëfandikoo, waaye Lëg fippu : « Sama waay, ceeb bi
du yaw lañu ko jagleel. Gan gi moo ko moom, te man la. Boroom dëkk
dafa la war a fàtte ! »

Siñeel des ak xiifam. Ca xaaju guddi, xiif sonal ko, mu jóg, sol yérey Lëg,
gënn wuti lu mu lekk.



Siñeel dem ruur tool ba mu jëkk a yem. Pataas ba ak mboq ma, lépp la lekk ba biiram fees dell.

Ca suba ga, waa dëkk ba gis ñu yàqate seen tool ba. Ñu mer ba futt, jubali néegu ñaari tukkikat ya di yuuxu : «Gan yu bon yii, ñoo nu sàcc.»

Lëg ne bëret, yeewu, ne : « Sama xarit, lu xew ? »

Siñeel, ca yeewuteem ga tontu : « Wax dëgg Yàlla xamuma li xew. Nit ñii, kontaanuñu te yaw yaa ko waral. Ñu ngi xultu rekk jëmale ko gan gi. »



Boroom dëkk woolu ñaari àndandoo yi. Ba mu gisee ne yérey Lëg dafa taq, mu foog ne moo def jëf ju ñaaw ji.

Boroom dëkk ni Siñeel : « Wax ñu sa xarit bi ñaata yar lañu ko war a dóor ? »

Siñeel tontu ne : « Yar yi mën nañu bañ a bari. Yërëmleen ko rekk ndax sama xarit la. Ci sama xalaat, ñaari téemeeri yar rekk doy nañu. »

Boroom dëkk ni Siñeel : « Loolu dafa néew, ñetti téemeer dina baax ndax li mu yàq dafa bari. »

Lëg jaaxle, di xool bët yu ànd ak yërëmtalu.

Lëg ne boroom dëkk bi : « Balaa ñu may teg ay daan, damay ñaan ñu woolu ay àttekat. »



Ba àttekat ya egsee, Lëg ñaan leen ñu jox leen ñu naan luy goqiloo ñam wa ñu lekkoon.

Lëg a jëkk a naan waccu ceeb. Siñeel, ba mu tàmbalee naan rekk, la ni «caa» ; daggiti pataas ak mboq ma tasaaroo.

Ñu ne Lëg : « Gan, wax nu sa xarit bi ñaata yar la yayoo, ñu dóor ko ko ? » Mu ne : « Ñetti-téemeer rekk doy na. »

Ginnaaw ba ñu tegee daan Siñeel ba noppi, ci lañu leen génnee dëkk ba. Siñeel a jëkk a génn dëkk ba. Mu daje ak ay tegg, ne leen : « Sama àpparanti mu ngi ci ginnaaw di ñëw, bopp baa ngi am ñaari uppu. May naa leen ko. »



Lëg di dox ba egisi, tëgg yi woo ko : « Ee! àpparanti kaay fii !

- Lu tax may ñëw ?

- Sa kilifa moo ñu may ñaari uppu yi nekk ci sa bopp.

- Waaye, lii duñu ay uppu, samay nopp lañu ! »

Wax na ba sonn, terewul tëgg yi bif nopp ya yóbbu leen.

Ngir feyu, Lëg waaxu jiitu àndandoom ba. Mu daje ak ay xale yuy rëbbi, mu ne leen : « Sama tëgg bi mu ngi ci ginnaaw di ñëw. Ame na ci diggu ginnaawam ay fitt. May naa leen ko. »



Ba Siñeel egsee, xale yi woo ko : « Ee! ee ! kaay fii.

- Ngir lan ?

- Sa kilifa moo ñu may fitt yi nekk ci sa diggu ginnaaw.

- Waaye, lii duñu ay fit, samay jumptukaay lañu ! »

Yuuxu na ba sonn, terewul xale yi sempi dég yépp ba noppi jël leen.

Waaye taxul Siñeel ba tëdd. Dafa daldi romb àndandoom bu soxor ba.

Siñeel daje ak ay rëbbkat ca àll ba. Mu liyaar leen : « Yéen rëbbkat yi,

Lëg a ngi ci ginnaaw di ñëw. »



Siñeel ne rëbbkat yi : « Su Lëg nee tëll rekk, ngeen xàmmee ko.

Seen xarit yi ñoo dagg noppam yi, mu jaare fa rëcc leen. »


Rëbbkat ya làqu ci biir genn gajj. Ca saa sa, am genn Lëg guy romb, ñoom ñépp xoolandoo ko.

Ñu ngi wax moom la am déet, waaye li leen jaaxal mooy nopp ya kenn dàggu leen.

Ci lañu ko bàyyi mu romb. Siñeel sax jaaxle woon na, ndax dafa ragaloon ñu jaawale Lëg ga doon romb ak àndandoom ba. Rëbbkat ya ñoom yàkkamtiwuñu. Ñu ngi toog rekk di yeeru Lëg. Yenn saa yi, aw mala romb. Ñu ne bëret toogaat, ne du moom.



Ci diir bu gàtt, Lëg ne tëll. Mu ngi dox mel ni kuy jëm ci ñoom. Sonn na lool. Lekkul, naanul boole ci wéet. Bi Siñeel séenee Lëg, lii la wax : « Waaw kay, moom la, tey nag dinaa la won ni maa la ëpp pexe. » Bi Lëg egsee ñu dal ci kawam, lottal ko. Ci la Siñeel toog di xalaat. Mu ngi ne tekk-tekkaaral di xalaat fi mu jaar ak Lëg. Mu ngay wax ci xelam : « Kii sama àq rekk a ko dal. Ca njëlbeen, ba ma xiifée ca la ma xañ lekk. Fàttaliku naa ni boroom dëkk mayoon na nu ceeb waaye moom rekk a ko lekkoon. »



Siñeel rax ci dolli ne : « Keroog wax naa ba sonn teewul, lekk na lépp. Yemul foofu, boole na ma ak ay xale yuy rëbb ba ñu sempi samay dég. Man itam am na ay tëgg yu ma ko booleelon ñu wàññi ay noppam. Kontaanoon naa ci li ñu ma feyuloon. Waaye, ndax lii lépp jar na ko? Jàpp naa ne moo ma tooñoon moo tax ma feyu woon. »

Ca la xalaataate, ne : « Ndax ku la tooñ jar na ngay feyantu ak moom? »
Ci noonu la ay xaj séen Siñeel. Ginnaaw bi mu amatul ay dég yu ko aar, ca lañu dal ci kawam, sonal ko.

Moo tax, ku xamagul fooy mujj, waroo reetaan ki ame laago.

Laaj yi

- 1 Yan jéyya ñoo am ? Ñan ñoo ko def ?
- 2 Lu tax Lëg wax Siñeel ne ceeb bi Gan gee ko moom ?
- 3 Kañ la Siñeel ak Lëg tàmbali tukki bi ?
- 4 Ban jàngat lañu mën a jàpp ci léeb wi ?

Kumba-amul-ndey



Kumba-amul-ndey



Kumba, jirim la bu dëkkoon ak wujju yaayam, di ñaareelu pàppaam. Kumba daawul mucc benn yoon ca liggeey bu bari ba ca kër ga. Daawul mucc itam ca saaga ya, ak ca dóor ya. Te loolu yépp, wujju yaayam wa moo ko ko teg. Doomu baayam Kumba-am-ndey, daawul def dara lu dul tuwaaletu ak fo.


Saa su Kumba rëccee, dafay dem ca sëg ya, sëgg ca bàmmeele yaayam di jooy. Pàppaam, góor gu ñàkkoon fayda ak kilifteef la woon. Sañul woon a dugg ci diggante soxnaam sa ak Kumba su ko jabaram daan dóor. Jabaram ja da ko daan gëdd saa su jéemaan a dugg seen diggante.

Benn bés, Kumba liggeey ba sonn lool, coono ba tax mu fàttee raxas as koog. Ba ko wujju yaayam wu soxor wa yëgee ca la mere ba futt, dóor ko, delloo ko koog sa. Ca la ko waxe ne ko : « Demal ca géēju Ndaayaan, raxasi koog si. »



Jirim ba jéem ko laaj : « Fan la Ndaayaan nekk...? » Jabaru baayam ne ko : « Jógeel fii! » Ca la ko bëmëxe mu génn kër ga. Kumba jóg di dem Ndaayaan ca guddi ga. Ba mu doxee ay fan i fan, ba yàgg mu taxaw ca suufu genn siddeem guy witt boppam. Xale bu jigeen ba sukk nuyu garab ga ci yar ak teggin.

Boroom déem ga laaj ko : « Sama doom, foo jëm yaw rekk nii ci xaaju guddi gii ? » Mu tontu ko : « Sama wujju yaay wu soxor moo ma yónni Ndaayaan ma raxasi koog sii. » Siddeem ga ñaanal ko ne : « Foo jublu, yàlla na fa yiwu Yàlla jublu ! »



Kumba doxaat lu yàgg a yàgg. Mu tase ak ñaari nàkk yuy dàqante ak benn cinu ceeb buy togg boppam. Saa su tasee ak ñoom, dafay sukk nuyu leen. Ñi mu nuyu sargal ko, may ko benn nàkk ak benn danku ceeb bu neex.

Kumba dox ñetti fan, yem ci jenn jigeen ju màggat. Mi ngi toog ca wetu néegu ñax bu nekk ca diggu béreb bu yaatu. Mu nuyu ko ci yar ak teggin.

Jigeen ju màggat ja laaj ko : « Sama doom, foo jëm nii yaw rekk ? »

Mu tontu, ne ko : « Sama wujju yaay wu soxor moo ma yónni Ndaayaan ma raxasi koog sii. »

Màggat ma tontu ko ne : « Fii, mooy géedu Ndaayaan. »



Màggat ma ne ko : « Man maay yaayi mala yi nekk ci àll bi yépp. »

Mu yokk ci ne : « Te fii, mooy seen kër. Mu ne ko tegal koog si ba noppi, dëbbloo ko benn peppu dugub ngir waajal reer ba. »

Bi mu tàmbalee dëbb rekk, ca la gënn ga fees dell ak sunguf. Benn ñëbu sunguf rekk lañu defare legetu cere. Bi ñu reeree ba noppi, Màggat ma fanaanloo Kumba ci suufu lal ba.

Mu joxaale ko benn puso bu sew a sew ak ay tegtal : « Bu sama doom yi téddee, maanaam mala yi, yenn saa yi nga jam leen benn-benn, ndànk nag. Bu ko defee dinañu foog ne ay fel a fi nekk, ñu gën a teel a jóg. »

Ci lu yàggul dara, rabi àll yi ñibbisi. Bukki mi jëkk a egsi, tàmbalee xeeñtu. Mu wax ne : « Haa ! Yàppu nit mu ngi may xeeñ fii ! »



Màggat ma jaaxle ne ko : « Yàppu nit ? Bukki, fii man rekk maa fiy nit !
Leegi nag boo ma béggee lekk...! »

Bukki ne : « Déedeet bégguma laa lekk de. Yaay, dama la doon tooñ
rekk. »

Yaayu mala yi ne : « Baax na. Leegi sama doom yi, demleen tēddi. »
Kumba mu ngi ci suufu lal bi, di jam mala yi benn-benn ni ko ko
màggat mi digale woon. Balaa njël di jot, mala yépp wàcc lal bi. Ñu
ngi jàmbat ne ay fel ak ay màtt ñoo leen tere nelaw.

Balaa bët di set, Kumba defaral màggat mi ndékki, doog a dem raxasi
koogam si.



Bi Kumba di waññeeku, yaayu mala yi jox ko juroomi nen. Nen bu nekk, mu wax ko béreb ba mu ko war a toje. Mu ne ko : « Balaa ngay toj benn nen dangaa war a woy «Wóy wéetoo ; wóy wéet ! »

Ca biir nen ya, ay nit, ay jigeen, ay gawar ñoo ca génne. Yàlla rekk a mën. Yeneen xeeti mbindeef ak alal génne ca nen yooya itam. Alal joo xam ni foo ko natt weesu na ko, ak ay gétt. Mu nekk lu doyy waar. Ku ñu ko waxoon ca njëlbeen doo ko gëm. Mbooloo mépp ànd ak jirim ba gunge ko ba ca biir dëkkam. Ba Kumba egsee dafa dem ca wujju yaayam wu soxor wa dello ko koog sa mu raxas. Mu jaaxal ko lool.



Bi wujju yaayam wu soxor wa gisee jirim ba, Kumba mu ngi ànd ak mbooloo mu takku.

Ñu jàppale ko, yenul ko alal ji dul jeex ja. Ci saa si, wujju yaayam wi woo doomam Penda, gëdd ko, ne ko : « Jigeen ju feñaag ji nga doon. Xoolal ku tekkiwul dara kii li mu indi ! »

Mu daldi ko tàllal senn koog ne ko : « Tilimalal ma leegi-leegi koog sii te nga dem yaw tamit raxasi ko ca géēju Ndaayaan. »

Penda dox ñetti fan romb àll bi ak ay déeg. Noonu la ko doomu baayam ja, jirim ba, defe woon.

Genn ngoon mu egsi ci kanamu genn garabu siddeem guy witt boppam. Nuyoowul sax, mu yuuxu di tàccu, ne : « Laay-laay ! Ba ma juddoo ba leegi, guleet ma gis garab guy witt boppam ! »




Kumba teg ca ne : « Lii de su ma ko nettalee sunu waa kër, dinañu wax ne waxuma dëgg ! »

Siddeem gi ñaanal ko, ne : « Foo jublu yàlla bu fa yiwu Yàlla jublu. »

Mu dox ñetti fan. Mu tase ak ñaari nàkk yuy dàqante ak benn cinu ceeb buy togg boppam. Bi mu leen gisee, Kumba-am-ndey di gën a jaaxle.

Ca la waxe ne bu eggee, dina nettali waa dëkk ba lépp li mu gis. Kumba dox ñaari fan. Mu faf eggi ci këru yaayu mala yi. « Ee yaw ! Jigeen ju màggat ji, ndax mën nga maa wax fu géeku Ndaayaan nekk ?

- Fii la, sama doom ! Maay yaayu mala yi nekk ci àll bi yépp.



- Maam, dama ñëw ngir raxas koog si ma sama yaay jox. »

Màggat ma toggloo ko cere reer. Mu yàgg lool laata muy noppi.

Bi ñu reeree ba noppi, yaayu mala yi jox ko puso bu sew a sew.

Bi mu noppee, mu ni ko : « Demal tëdd ci ron lal bi. »

Mu teg ca ne ko : « Deel jam ndànk rekk mala yi. Benn-benn nag, te nga tàmbalee ci Bukki ! »

Bukki tàmbalee nelaw bay xàndoor. Ci la ko xale bu jigeen ba jame puso ba ci ginnaawam ba mu laal yax ba. Foofu la Bukki tëbee ci lal bi, jaare fa génn néeg ba. Ca diir bu gàtt, yeneen mala yi ñu jam, topp ca ginnaawam génn.

Ca fajar ga, Kumba-am-ndey dem raxasi koog sa.



Kumba-am-ndey dellu ca kër ga, yaayu mala yi jox ko juroomi nen.

Mu jox ko ay tegtal ni mu ko joxe woon Kumba jirim ba.

Kumba wëlbatiku di ñibbi tegu ca yoon wu sori wa. Ba muy dugg ca àll ba ca la taxaw di woy : « Wóy wéetoo, wóy wéet ! »

Waaye fi mu waroon a toje nen bu jëkk ba, mu xalaat ne : « Lu tax màggat mi bëgg ma jëkk a toj nen bii te bañ a jëkke bii ? »

Mu woyaat toj juroomeelu nen bi. Mala yu soxor yépp génn, wër ko, lekk ko. Amul lenn lu ñu bàyyi ca yaramam lu dul benn cër rekk mooy xol ba. Tan sax bëggu ko.

Picc ma doon romb ne coppet xol ba, naaw lu soree sori di way naan : « Xale ba demoon géēju Ndaayaan, xol baa ngii... »

Laaj yi

- 1 Lu tax Kumba-amul-ndey demoon géēju Ndaayaan ?
- 2 Kumba-amul-ndey, bi ko wujju yaayam yónnee ca géēju Ndaayaan lu mu ca jublu woon ?
- 3 Bi mu yónnee Kumba-am-ndey ca géēju Ndaayaan lu mu ca jublu woon ?
- 4 Ban njàngat lañu mën a jëlee ci léeb wi ?

